«Гуфlэгъуэр кьыбдэзымыIэтыфым гуауэми зэгърыщыгугьыи щIэжьым» - аращ хьунщ а псэльафэм и пэжыпIэр. Араш япэрей гупым хэту Куржы-Абхьаз зауэм кIуа щIалэхэм я дежкIэ мы упщIэм щэху щIыхэмыльыр. «Хэт иджы уи пIэкIэ къафэнур?» - жаIэу а зэманым утыкум щыпашэу щыта Биткоку кьыщеупщIым, ита жэуапыр тхыдэм кьыхэнащ: «Къафэн ди куэдщ, зэуэн диIарэт». «Кабардинка»-м и тхыдэ жыжьэри и щыхьэтщ Аслъэнбэч и псальэм. Хэку зауэщхуэм и зэманым ансамблым хэтхэм языныкъуэхэр Iэщэ яIыгъыу зэрыпIхъуакIуэхэм япэщIэтащ, хэти зауэлIхэм я гукъыдэжьыр кьиIэту цIыхур гъэгушхуэн кьалэныр ирихьэкIащ.

Тхыдэмкlэ зыщыгъгъэзакlэ, къафакIуэ гупым и блэкIа нэхь гъунэгъури дигу къэдгъэкIыжьыщ, сыту жыпIэмэ, «Кабардинка» ансамблыр зрикIуа гъуэгуанэр республикэ гъащIэм кьыпхуэгъэжьыжьыщ и Iыхьэшхэущ, ди щэнхабзэм и налкъутналмэсхэр хуэм-хуэмурэ утыку кьызэрихьар кьыуирэщIэжу.

Антарктидэм и закъуэщ здэщыкIар

«Урысхэм Триполи кьалэр «шыбгъэкIэ» кьащтащ. Ар зи зэфIэкIыр «Кабардинка» къафакIуэ гупырщ.

● «Кабардинка»-р илъэс 80 ирокъу

Урысей пащэм и хьэуам ямылейуэ фIы гуэр хэлъ кьыщIэкIынщ, гъащIэм ущигъэгуфыкIрэ укъэфэну, уэрэд жыпIэну, макъамэ дахэ птхыну гукьыдэжьшхуэ кьунту».

«Лйбиан Мейл», Лйвие, 1968 гъэ

Лениныи и цIэр зэрихьэу Налшык щыIэ еджапIэ кьалэ цIыкIум 1933 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м кьафакIуэ гуп кьыщIыззэрагъэпэщащ. Араш, узэIэбэкIыжьмэ, нобэрей «Кабардинка»-м и кьежьапIэу убжьыр. Ауэрэ, кьэфакIуэ защIэу зэхэт гупым уэрэдджыкIауэхэр кьыхагъэхьэри, «кьафэмрэ уэрэдымкIэ ансамбль» ящI. Кавказ щэнхабзэр уди-хьэхыу утыку изыхьэф ныбжьыщIэхэр пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу СССР-ми нэгъуэщI хэкухэми фIыкIэ кьыщыхощри, кьэрал гъуэзджэм и уэгум зы вагъэуэ кьоувэ.

1939 гъэм щэкIуэгъуэуэм и 30-м КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ «Къафэмрэ уэрэдымрэ я кьэрал ансамбль «Кабардинка»-м ЩIыхь тхыль кьыхуагъфащэ.

1957 гъэм ансамблыр Щалэгъуалэм я союзпсо фестивалым, абы кьыкIэлыкIуэу Щалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я еплIанэ дунеипсо фестивалым я лауреат мэхъу.

Зы ильэс докIри, гупым и дунеипсо зекIуэм Монголие къэралыгъэм щыщIедзэ. «Антарктидэм фIэкIа «Кабардинка»-р здэщымыIа щIы кIапэ къэнэжакъым», - игу кьегъэкIыж а зэманым щэнхабзэмкIэ министру лэжьа Ефэнды Джылахьстэн.

1965 гъэм ансамблым уэрэджыкIауэхэр зэмыгъэтыжу, кьэфакIуэ гупу зэрыщытынум теухуа унафэ кьащтащ, абы щыгъэгъуэ «Кабардинка» щIэр и фIэщыгъэ щыхьэри.

1967 гъэм гупыр СССР-м и утыкушхуэ кьихьэ къэфакIуэхэм щапеуэм, Iуэхум хэзыщIыкIхэм гу кьыIэтащ. «Кабардинкэр» балигъыпIэм эриувам и щыхьэту, 1968 гъэм Марокко, Алжирым, Тунисым, Ливием зыщигъэлъэгъуащ; 1972 гъэм - Австралием, Сингапур, Филиппинхэм. 1974 гъэм «Кабардинка»-р мазиплIкIэ Латин Америкэм и къэралхэм кьыщофэ. 1977 гъэм къэфакIуэхэр Чехословакием, Польшэм, ФРГ-м, Сирием макIуэ. 1978-м - Германием, 1981-м - Иорданием, 1983-м - Бразилием, Чехословакием, 1985-м - аргуэру Иорданием, 1987-м - Польшэм, 1988-м - ещанэу Чехословакием.

«Дэтхэнэ зы къэралми зыхуигъэфащэнт «Кабардинка»-м хуэдэ къэфакIуэ гуп пIэну. Ахэр адрейхэм ныбжьыгъэщIэр цIыхухэхэр уафэхьуэпскIым хуэдэу зэрыжанымрэ цIыхубзхэр лантIэу, псэм едэхащIэу, Iэсэу кьыдзэрыфэмрэщ. КъурIэныр зытепсэлъыхь хур хьыджэбзхэм ещхь бгырыс бзылъхугъэхэр Iуэрыуатэм кьыхэкIа фIэкI пщIэнкьым, утыку кьрахьэрт таурыхьхэм фIэкIа узыщIримыхьэлIэ гъащIэщ, я льакъуэхэр щызэбгахкIэ, уафэм нт пшэхэм тесу ес фIэкIа умыщIэну».

«Ла Пренса» газет, Никарагуа, 1974 гъэ.

1981, 1985 гъэхэм Иорданием щыхьэщIэ кьэфакIуэ гупым а хэкум и пащтыхь Хьусейн кьэралым и Вагъэумрэ Хуитыныигъэм и Вагъуэ езанэ нагъыщэмрэ кьыхухигъэфэщащ. «Нэрымылъагъу зауэм» («холодная война») и лъэхъэнэм дуней псом тепхъа адыгэхэр зэпызыщIэ кьаруу закъуэ хьуат «Кабардинка»-р, кьафэбзэр адыгэхэм яхуэзэдзэкIын хуейтэкъым. ЗэрымыщIыхуа, зэрымыщIэ адыгэ куэд «Кабардинка»-м и фIыгъэкIэ зэрыгъэтыжахэщ.

Iэтэбий Игорь:

- Голландием, адыгэ щыпсэууэ хэт и гугъэнт? 1990 гъэм а къэралым дыщыIэу ди бысымхэм языхъэзым хьыбарым хэту сызэрыадыгэр зэхихащ, нэхь кьыззрыгурыIуэнкIэ «черкес» жыслат. «Сэ зы адыгэ ныбжьэгъу сиIэщ жиIэри телефонкIэ псэлъэн щедзэ. Уэ жыпIа, сэ жысIа - асыхьэтым цIыху пщыкIутхум нэблэгъэн кьызэхуэсри, абы фIэкIа хэмылъу Голландием и Адыгэ Хасэр кьэунэхуащ. Ар зы щапхъэ цIыкIу кьудейщ, ансамблым и фIыгъэкIэ адыгэм и лъэпкъым хуэдэу кьнщIэжам, кьиГъуэтыжам, IэщIэху пэтрэ кьнубыдыжахэм ящыщу.

Лъакъуэ зэблихыу мыщэри пхуегъэсэнущ

Дунейм цIыхуу тетыр лIэужьыгъуитIу пхуэгъэшынуц: кьафэхэмрэ кьэмыфэхэмрэ. Сыт кьэмыфэхэм яфIэкIуэдыр? Е кьафэхэм кьаIэрыхьэр? Iэгуауэхэра, хьэмэ - «Кабардинка»-м хуэдэу уцIэрыIуэмэ - уи щIалэгъуэм и теплъэ гуакIуэр зыхъумэ сурэт щхъуэкIэпльыкIэхэра? Ди бысымхэм апхуэдэ упщIэептмэ, я гуапэ хъуну фэ ятеткъым. «Кьафэр цIыхур зэрыцIыхур кьезыгъэщIэж Iэмалщ», - Аслъэнбэч и Iэ «кьэзыльтхъхэр» жиIэм хэIэтыкIа нагъыщэу хоувэ. Абы и пащхьэ ильщ «Адыгэ хабзэ» тхылъыр. ЦIыхубэ гъэсакIуэ хьуну куэд нужь йохьэ, - Биткоку м кьызэрильытэмкIэ, - ауэ псом нэхьрэ нэхъ тыншу икIи нэхъ псынщIэу зэ кьыззэхъулIэр кьафэм и закъуэщ: «Еджаи емыджаи, жьыщхьэ маХэрри кьэкIухьын щIэзэдза сабийри, гуфIэри гухэри Iэпкльапэкъым и макъамэм щIэтщ».

- Сыт, псальэм папщIэ, мыбы кьикIыр? - гуауэм хэту щэнауэ цIыхум зыпещIыж Аслъэнбэч. - Щыхум зыгуэр кууущу щы зыхиущIэм деж, и Iэпкльапэкъым и бзэм зыкьетIатэ. Араш кьафэр кьафэ кьудейуэ убж щIэмыхъунур.

ТхылъымпIэм ит тхыдэ куур тхыль емыджэххэ, адыгэбзэ зымыщIэ, уеблэгъ и хэку имыхьж щIыхуэхэм зэральэбгъэбгъЭсынур дауэ? Дуней тетыкIэу щыт адыгэ хабзэр хьэгъуэлIыгъэ дауэдапщэхэм хуэзыгъэкIуа «адыгагъэм» уэзреIэзэнур сыт хуэдэ Iэмэпсымэ? Сыт хуэдэбзэкIэ зэгурыIуэфынуи льэпкъым и пэжым щыгъуазэ цIыху Iущымрэ зэхих-зыIупльэр кьызэрежьа кьудейм папщIэ жыIэзыфIэщу кьэзыпхъуатэ «щIалэжьымрэ»? Тебзэ зиIэм щIэбзэ зэриIэм хуэдэу, цIыхур нэгурэ гурэщ. «Кабардинка»-р зыпльэгъуаи «иджырей шейтIан уджыр» тынщу игу дихьэнхьэщ. ЗэрыжаIэуи, «игу ирихь кьафэр зыхуэдэр кьызжеIи, уэзищIысыр бжесIэнщ». Кьафэр зэштегъэу кьудеймэ, цIыхури бгъэзыIуплъ псэущхьэу кьэзыльытэхэр захуэщ.

Iэтэбий Игорь:

- Дэтхэнэ зы щIалэжь цIыкIуми хуэдэу, ди псынщIэгъуэм дыпсынщIэу дыкьыдэжьэтеящ дэ псори. Дызэрыгъысынури дызэрытэджынури, нэхьыжьыр зэрыдгъэлъэпIэнури, нэхьыщIэр зэрыдгъэгушхуэнури, кIэщIу жыпIэмэ, адыгагъэм и пэжыр щэну щызыхэтльхьар «Кабардинка»-раш.

Ныбжь зиIэ бзылъхугъэ кьафэу плъэгъуа? (Кьыщолъэтри хуэмурэ кьафэн щIедзэ, зытепсэлъыхь псори кьигъэльагъуэу). *Мис мыпхуэдэущ ахэр кьызэрыфэр, - бзылъхугъэм и нэр цIыхухьэм и льапэм тригъэкIыркъым: кьафэм тетыху езым ищIэ хьунур кьыжеэзыIэр а льапэхэращ. Ауэ аракъэ нэмыс хьужьыр? Абы псалъэ хуеиж? А ванэжьм хуэдэу кьыдэмыпльейуэ кьафэм ди зы пщащэ гуэр едгъэсэным сыт хуэдизрэ делIэлла!*

Дэ ди щэнхабзэм щIэ щIэткъым. УхущIыхьэмэ, елэжьим бгъуэтэщ, жэщи махуэм утыку ипкъэм кьолыжу щыIэщ, сыт хуэдэ гъуазджэ кьудамэми хиубыдэу.

Болэ Заур Игорь акъылэгъу дохьу: «Кабардинка»-р зы льэныкъуэкIэ тхыдэр зыщIэлъ архивщ: кьафэжьхэр, пасэрей макъамэхэр кьегъуэт, зэхуехьэсыж, кьафэм хепщэри ехьымэ. Ауэ кьэбгъуэтыжам сыт и мыхьэнэр, ар уи нобэрей гьащIэм хьымыхьэжьнумэ?!

Болэ Заур:

- Гу лъыботэ нобэрей адыгэ щIалэгъуалэр кIуэ пэтми лъэпкъ щэнхабзэм нэхъ кьыхэпщIэжу, кьехъуэпсежу, гува-щIэхами кьаГъэззэжу зэрыщытым. «Кабардинка»-м и хэдэ институтыр, нэгъуэщIкIэ седжэфынукъым, ди щIалэхэмрэ пащащэхэмрэ я дежкIэ щэнхабзэм и псынэ куущ. Кьафэм хуэдэуи гъэсэныгъэ зэхуэмыдэ зыгъуэта «адыгэ лIэужьыгъуэхэр» зэзыпх гъуэтыгъуейщ, «Кабардинка»-р а Iуэхум щыхтьэмадэщ.

Iэтэбий Игорь:

- Щхьэлъэныкъуэ зэракьутэри, щIакьутэри, хэт сыт лъысыпхьэми ямыщIэу ильэс 75-м щхьэдэха нэхъыжьхъэм зыкъыгъуэгъаззэ: кхъыIэ, фыкъакIуэ ди хьэгъуэлIыгъуэми, хабзэ щытхузэфхьэ жаIэри. Кьафэм и гъунапкъэм жыжьу йокI цIыхухэм зэрымыщIэкIэ яIэщIэхуауэ дэ кьедгъэщIэжьынхуей хьэр.

Битокъу Аслъэнбэч:

- Театрми кьалэн зыщещIыж цIыхур игъэсэну. Ауэ гушыIэ мыхьэумыщIэ щIэпльхьэкIэ, цIыхум хьэлынщагъэр зыхэсэнарэт жиIэркъым. КъафакIуэр мыпсалъэми мэхъу: езым нэхъ кьищтэр екIуу уигъэльагъуэ зэфIэкIащ.

Зы кьафэ утыкум щагъэлъэгъуэн и пэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIым и нэщэнэщ щIалэхэм яIуэтэж хьыбархэр. Зы щIэныгъэ кIапэр зы кьэралым кьыщыбгъуэт, адрейр - тхылъ ящыгъупщэжам, ещанэр - езыр-езыру кьыбогупсыс. Апхуэдэдуэрэ тхыдэжьыр зэфIоувэж, тхыдэщIэр зэфIоувэ.

Болэ Заур:

- Иужьрей пщы уэлий Жанхьуэт Кушыку деж 1822 гъэм щыкIуэдыжащ адыгэпщэр. Абы льандэрэ хэт пщы зыльэгъуар? Иджы «пщы кьафэр» щымыIамэ, хэтыт кьэзыщIэнур а пщыхэр зэрыщытар? Пщы кьафэ кьэбгъэльэгъуэн папщIэ, уэ езым пщы хьэл пхэльныщр мащIэ. А кьафэу утыку кьнпшэ цIыху тIощIрэ пIлыр пщы щауэрэ пщы гуащэу щымыту хьунукъым. ДакьикьийкIэ уэрэкьуу утыку уитыфын папщIэ, адрей сыхьэт тIощIрэ щым щIигъуми уэркьыгъэ гуэр уи гъащIэм хэмэту хьунукъым. Пэжщ, цIыхур кьызэроплъынур а дакъикьийращ, ауэ а дакъикьийращ уэ узищIысыр я фIэщ щыпхуэщIынур, уигу ирихь дуней тетыкIэр кьэкьщыбгъэльэгъуэфынур.

Ауэрэ дынос «Кабардинка»-м ухьхьэн папщIэ уимыIэу мыхьуну льагагъым, дахагъым, нэгъуэщкьынэмыщIэхэм. «Я гупсысэкIэмащ, «Я гупсысэкIэращ нэхьапэр. «Мыщэри пхуегъэсэнущ и лъакъуэр эзблихуэ, - жаIэ Заур. - Ауэ кьафэм и псэр кьэбгъэльэгъуэн папщIэ, зыхэщIэкIэ куу уиIэн хуейщ».

Нэгзыуэжьым и уасэр

Щалэхэм зэрымыщIэкIэ кьажьэдэхуа хьыбар кIа-пэльапэхэм наIуэ кьащIащ адыгэ щэнхабзэм и жьантIэм дэс «Кабардинка»-м и Iуэхур нэгзыуэжь защIэу зэрыщымытыр. КьызэрыщIэкIымкIэ, «республикэм и набдзэр», «льэпкъым и дамыгъэр» езы республикэми адыгэ льэпкъми кьаззрифIэIуэхущэ щыIэкъым, утыку ихьэгъуэм и иужьрей дакьикъэм пхъуантэм кьыдахьж бгъэхэIум хуэдэу зэрахьэ фIэкIа. ГушыIэр кьэбгъанэмэ, ансамблым нобэ и зэфIэкIыр нэсу кьыззэрифIэльэгъуэн Iэмал, ахьшэкIэ еджэу, иIэкъым. ЩIуэ гупым кьыхьыхьэхэм унафэщIхэр ильэс-ильэситIкIэ йоIалIэ, ягъаз. Ауэ ику иту сом мининбл кьэзылэжь кьафакIуэм унагъуэ хуэгъэщхэну? Мыгурыуэгъуэращи, кьэфакIуэхэм я улахуэр ди кьэралым щыщыззэщхьэщыкIыр сыт: Кьэбэрдей-Балькъэрым я нэхъ кьафакIуэ Iэ́ззэм кьыщихьыр сом мин 12-щ, Шэщэнымрэ Дагъыстэнымрэ ар мин 30 щохьу. «Кабардинка»-м зыщигъасэу щыта Курзалыр зэгъэпэщыжыныр зэфIэкIыу кьэфакIуэхэм я щхьэ зэрахьэу дэтыныр щаухьынри дапщэщ?

Болэ Заур:

- Кьуажэдэс щIалэгъуалэр куэдкIэ нэхъ хуэхьэзырщ кьафэм. Хабзэкlи гъэсэныгъэкlи. Кьалэм щыщым нэхъ гугъуу кьещIэ. Кьуажэхэм дыкIуэзу школыр кьэзыух пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ дахэплъэну ди мурадщ. Ауэ сыт кьызэрыдэтхъэхьынур? Кьуажэм укьикIукIуэзэу сом мининблкIэ уIэсэфыну? Общежитие хуэдэ гуэр димыIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Биткоку Аслъэнбэч:

- Тхыдэм уэхплъэми, къэралыгъуэ нэхъ зызыужьахэмкIэ зыбгъаззэми, пщы къэс джэгуакIуэ дэщIыгъуэу кьекIуэкIащ. Адыгэми иIащ ар. Агьнокьуэ Лашэ, псальэм папщIэ. Е Къэзанокьуэ Жэбагъы - Кьетькьуэ Аслъэнбэч чэнджэщэгъуэ, утыкум и пстыхь щыIэхтъэкIыу икIи имыгъэбзэлъэрыгъыу кьыбгъурытащ. «Кабардинка»-р абы кьыкIэрымыхуу хабзэм и пхъуантэщ, кьафэрэ макъамэкIэ уэздауэ. Хуэфэщэн гулъытэ игъуэтыпхэщ.

Болэ Заур и гукъеуэзэм ящыщщ адыгэм ей дыдэу щыт хьугъуэфIыгъуэхэр зэрыщIэщIыуа псори клубым хьыхьнущ. 2014 гъэм и гъатхэ - гъэмахуэ лъэхъэнэм кьрифIыгъуэ зэрыщIыгъуэ кьыну «Зэныбжьэгъугъэ-2014» Iуэхум Кавказ Ищхьэрэ федералынэ щIыналъэм и хэгъэгуэхэм зэкъуэгъэувэ, жылагъуэ-политикэ гъащIэмкIи щхьэпэщ.

2014 гъэм щIышыдэм кьызэIуахынущ «Зэныбжьэгъугъэр» зыфIаща клубыр, ди гъунэгъу хэгъэгуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэтынур. 2009 гъэм щыщIэдзауэ мы Iуэхум зэригъэщIыуа псори клубым хьыхьнущ. 2014 гъэм и гъатхэ - гъэмахуэ лъэхъэнэм кьрифIыгъуэ зэрыщIыгъуэ кьыну «Зэныбжьэгъугъэ-2014» Iуэхум Кавказ Ищхьэрэ федералынэ щIыналъэм и хэгъэгуэхэм зэкъуэгъэувэ, Абхъаз, Къалмыкъ республикэхэм, Краснодар, Ростов крайхэм щыщ щIалэхэри кьыхашэнущ. Илъэс 13-м щыщIэдзауэ 17 зи ныбжьы мы Iуэхум хэтыну щIалэхэм япэщIыкIэ гъэмахуэ лагерым яIэнущ. ЩыпсалъэкIэ зыщрагъэгъэпсэхунущ, иужькIэ унагъуэхэм хьэщIапIэ ягъэкIуэнущ. ЗэраубзыхуамкIэ, «Зэныбжьэгъугъэм» мы гъэм унагъуэ 65-рэ хуэдиз хэтынущ.

Льэпкъ зэхуэмыдэхэр зэкьуэзыгъуэвэ, мамырыгъэр зэгурыIуэныгъэрэ яку дэзыльхьэ мы Iуэхум фыхьыхьэну фыхуитщ. УпщIэ зиIэхэр мы телефонымкIэ фыпсалъэ хьунущ: **77-19-06.**

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● «Зэныбжьэгъугъэ-2014»

Iуэхум пащэ

«ЩIалэгъуалэм я жэрдэмхэмкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэм КъБР-м и Профсоюзхэм я унэм пресс-конференц щригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ КИФЩI-м и хэгъуэгуэхэм щыщ ныбжьыщIэхэр зыхэт «Зэныбжьэгъугъэ» проектым я зи чэзу Iыхьэр 2013 гъэм и щэкIуэгъуэм зэрыщIидзам.

IуэХУМ ныкъыхьахэм я дэIэпыкъуэгъэщ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Хъыбарегъащ Iэ Iуэхущ IапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэхэр, «Институт проблем гражданского общества» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухьэныгъэр.

Фигу кьэдгъэкIыжьыщи, проектыр 2009 гъэм республикэм зэрыщыщаублэрэ Iуэхум хэтащ Кавказ Ищхьэрэм я щIалэгъуалэу 300-м щIигъу. Проектым и фIыгъэкIэ, щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ щIалэхэр кьуэш зэхуэхьуащ, я унагъуэхэри илъэс бжыгъэ хьуауэ зэкIапхэкIуэ. Зэныбжьэгъугъэм хабзэхэр Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу льэпкъхэм ижь-ижьыж льандэрэ кьадокIуэкI. Льэпкъ зэхуэмыдэхэм щыщ цIыхухэхэр ныбжьэгъу зэхуэхьуу, зыр адрейм дэIэпыкъуэу, хьэщIагъэ зэрахьу, зэрыхъумэу щытащ.

Проектым и унафэщI **Пашты Анжелэ** кьыдэджащIамкIэ, Iуэхур кьыхэзырыдзыкьаэм я мурадщ зэгурыIуэу, зым и хабзэм адрейм пщIэ хуищIу, зэкIэлъыкIуэу ильэсищэ бжыгъэ хьуауэ кьэгъэгурыкIуэ льэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр ирагъэфIэкIуэну. Абы кьыззэрыхигъэщамкIэ, бзэ, хабзэ зэхуэмыдэхэр зэныхьэ льэпкъхэр мыпхуэдэ Iуэхум зэкъуэгъэувэ, жылагъуэ-политикэ гъащIэмкIи щхьэпэщ.

2014 гъэм щIышыдэм кьызэIуахынущ «Зэныбжьэгъугъэр» зыфIаща клубыр, ди гъунэгъу хэгъэгуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэтынур. 2009 гъэм щыщIэдзауэ мы Iуэхум зэригъэщIыуа псори клубым хьыхьнущ. 2014 гъэм и гъатхэ - гъэмахуэ лъэхъэнэм кьрифIыгъуэ зэрыщIыгъуэ кьыну «Зэныбжьэгъугъэ-2014» Iуэхум Кавказ Ищхьэрэ федералынэ щIыналъэм и хэгъэгуэхэм зэкъуэгъэувэ, жылагъуэ-политикэ гъащIэмкIи щхьэпэщ.

Болэ Заур и гукъеуэзэм ящыщщ адыгэм ей дыдэу щыт хьугъуэфIыгъуэхэр зэрыщIэщIыуа псори клубым хьыхьнущ. Тхыдэм хэпльи, зейр дэращ адыгэ фащэри нарт хьыбархэри. Ауэ унафэщIхэм я гулытэ нэхъ зыгъуэт льэпкъхэм ахэр хуэм-хуэмурэ яIэрохьэ, уеблэмэ адыгэ зэрядыжьхэр ди гъунэгъу кавказ льэпкъхэм ей хьуауэ «кьыщагъэзэж» кьхэну.

Болэ Заур:

- Ди фащэрыдэхэр Iэ́ззэщи, гъунэгъу льэпкъхэм ягъадэ. Абыхэм ядыфIар адыгэ фащэщ, мо щызытIэгъахэм ар я льэпкъ фащэу кьалъытэж. Ар Iейщ жыслIэу арахьэм, ауэ фIы защIэуи пхужьIэнукъым...

Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм иджыблагъэ жэрдэм кьыхилъхьащ «Кабардинка» кьэфакIуэ ансамблым «Адыгэ льэпкъым и хьугъэфIыгъуэ щIэр кьыфIащыну. «ТхузэфIэкIамэ, сом мелард фэттынт фрилэжьэну, апхуэдэ махуи Тхьэм дигъэльэагъу, - игу кьегъэкIыж Заур Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэд кьажрИар. - ЩыгъуэзэфIэмыкIкIэ, а фэдмыгъэ ящыщ ящыщ зэрыкьлъэлъ делIэлэнщ. Ар зи гуапэ мыхьун адыгэ щыIэу кьыщIэкIынкъым».

ЧЭРИМ Марьянэ.

Академическэ гупым уэркъ кьафэ егъэзащIэ. *2007 гъэ*

«Кабардинка»-м и хьэщIэщ Тыркум, Сирием, Иорданием, Москва кьикIа ди лъэпкъэгъуэхэр. *1982 гъэ*

● Гу зытъытапхъэ

Балигъ ныбжьым и фIыпIэ псори

2014 гъэм и щIышылэм Урысейм кьыдэкIуэу щыщIидзэнущ «50 Плюс. Все плюсы зрелого возраста» газетыщIэм.

АР ТЕТХЫХЬЫНУЩ зи ныбжьыр илъэс 50-м щигъуэхэм я хьэпсапIэхэм, жылагъуэмрэ къэралымрэ зэрызэхущытым, унагъуэ, псэуныгъэ Iуэхутхъэбзэхэр зэрыхуащIэм, ахъшэу яIэрыхьэм, яIэ хуитыныгъэхэм, зэрызагъэпсэху щIыкIэм, псэукIэ тэмэмым, лэжьапIэ увын щхьэкIэ ящIэн хуейхэм, н.къ ятеуху Iуэхухэм.

Газетыр зы илъэс ныкъуэкIэ кьебгъэхьыным сом 239,68-рэ хуоз, зы илъэсым - сом 447,68-рэ.

Iэ зэрытрадзэну индексхэр: «Пресса России», «Газеты. Журналы» каталогымкIэ - 26245 - илъэс ныкъуэкIэ, 26246 - зы илъэскIэ, «Урысейм и пощт» каталогым - 83021 - илъэс ныкъуэкIэ, 83022 - зы илъэскIэ.

● Фэеплъ

«Си ужьыр махуэ пхухъу...» бжызоIэ, лъахэ!

УсакIуэ цIэрыIуэ Гъубжокъуэ Лиуан дунейм эзрехыжрэ мы гъэм илъэс 25-рэ мэхъу

Гъащ1э кIэщIт Гъубжокъуэ Лиуан. Зэман мащIэщ ар адыгэ литературэм зэрыхэлэжьыхьар, ауэ абы куэд хуэзэфIэкIащ, хамэ уэрэд емыжьууэ, езым и лъагуэ, лирик нэсым и лъэужь литературэм щыпхишьын хуэзэфIэкIащ. Хуэзэфlэкlащ фlыуэ иныгъу и Iэщlагъэм хуэпэжти, хуэIэижьти, и гъащIэри и гуащIэри щIыхь зыпыль а Iуэху льапIэм тринухати.

ГЪУБЖОКЪУЭМ хэлъхьэныгъэфI хуищIащ адыгэ усыгъэми сабий литературэми, абы и фIыщIи и щытхъуи хэльщ адыгэ уэрэдыми игъуэта зыужьыныгъэм.

Усакlуэ гъуэзэджэм и тхыгъэхэр мыкIуэдыжьи ящIащ абыхэм япкърыль гупсысэ куум, гурыщIэ кьабзэм, я художественнэ гъэпсыкIэ щIэщыгъуэм. Гъубжокъуэм и дэтхэнэ зы псалъэри абы и псэ хьэдэлым кьыбгъэдэкIыт, игу кьабзэм и хуабагькIэ гъэнщIат. Усакlуэм и тхыгъэ нэхьыфIхэр лъэпкъ хабзэ-нэмысым, хьэл-щэн дахэм, абы и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ нэхьыщхьэхэм зэтеуэщIи, аращ ахэр мыкIуэдыжьи зыщIыр, цIыхупсэм щIехуэбылIэр, цIыхугум фIыкIэ кьыщIинэр.

Гъубжокъуэ Лиуан сабиигъуэ дахи, щIалэгъуэ тынши, балигъыгъуэ хьуэпсэгъуи ИкIасым. Абы и щхьэусыгъуэр куэд мэхъу, ауэ нэхьыщхьэр зыхалъхуа зэманыр гугъуу зэрыщытамрэ ар адэнэзу кьыззэрыхьуамрэщ. Гъубжокъуэр ящыщ Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр кьилыпщIа щIалэ цIыкIухэм. Ар кьыщыхьуащ Жэмтхьэлэ, езым хуэдэ щIалэ цIыкIухэм яхэту. Сабиигъуэм щхьэкIэ Гъубжокъуэм итхыгъащ: «Сэ сыхалъхуащ етIуанэ илъэситхум, Анэ быдзыщэ губгъуэм сыщефащ, СабийгъуэдэIуэм си гущэ хьыринэр Хьэсэпэ жьауэм дежьи щыщIупскIащ». И адэр щхьэщымытами, ар зеннщэ дыдэу кьэнакьым, ар щIэт и анэ гумащIэм и жьауэм. Лиуан чэнджэщзегъуи дэIэпыкъуэгъуи кьыхуэхьуу щытащ и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, гъунэгъухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, и ныбжьегъу щIалэ цIыкIухэм я адэ-анэхэр.

Къуажэ щкольм щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Араш Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхьыфIхэм ящыщу кьыуха иныжь, 1954 гъэм Къэбэрдей кьэрал пединститутым щIыщIэтIысхьар.

Институтым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм куууэ иджащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, абы кьыдэкIуэу, урыс литературэр, дунейпсо усыгъэр, тхыдэр, философиер, логикэр. ТхущI гъэхэм и етIуанэ Iыхьэм тохуэ Гъубжокъуэм тхэн щыщIидзар. Абы и усыгъэ щхьэхуэхэр газет зэмылIэужьыгъуэхэм кьытрадзэу хуохьэ, иужькIэ ахэр «Іуащхьэмахуэ» журналым кьыгтохуэ. Ауэрэ ар усэным дехьэх. Гъубжокъуэм тхэн кьыззэрыщIидзэр усэкIэщ, ауэ абы тхьлъеджэхэм я пащхьэм япэу ирилъхьар и рассказхэр щыз зэхуэхьэса «Ди кьуажэ щIалэ цIыкIухэр» тхьылъыщ. Абы и ужькIэ Лиуан и тхыль зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшык Москвэрэ кьыщыдэкIащ. Абыхэм ящыщу «Шэрджэ толькъунэхэр» (1961), «Насыпгуэш» (1970), «Жэщ гупсысэхэр» (1973), «Зэманым и джэрпэджэж» (1980), «Къэрабэ» (1979), «ДыгъапIэ» (1987), «Мальчишки нашего села» (1966), «Пули и зёрна» (1977), «Мальчишки из нашего аула», «Детская литература» (1978), «Сказание о целине» (1984), «Солнечная сторона» (1984), «Эхо Эльбруса», «Современник» (1986), нэгъуэщIхэри. Лиуан и гъащIэ кIэщIым кьриубыдэу тхьылъ 15-м щигъу кьыдигъэкIащ. Абыхэм ит тхыгъэхэм цIыкIу нэхьыбэ щыгъуазэ хьунымкIэ сэбэп хуэащ ящыщ куэд урысыбзэкIэ зэрызэрадзэкIар.

И литературэ лэжьыгъэм кьыдэкIуэу, усакIуэм кьулыкъу зыбжанэ игъэззэщIащ: Гъубжокъуэр лэжьащ корректору, Налшык дэт къэрал тхьылъ хьуманIэм и методисту, КБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм щыIа бюром и унафэщIу, «Іуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Гъубжокъуэр сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, ар хущIэкъуащ и кьалэнхэр кьызыхуэтынщэу игъэззэщIэну икIи ар Лиуан кьехьулIащ.

Къуажэ щкольм щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Араш Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхьыфIхэм ящыщу кьыуха иныжь, 1954 гъэм Къэбэрдей кьэрал пединститутым щIыщIэтIысхьар.

Институтым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм куууэ иджащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, абы кьыдэкIуэу, урыс литературэр, дунейпсо усыгъэр, тхыдэр, философиер, логикэр. ТхущI гъэхэм и етIуанэ Iыхьэм тохуэ Гъубжокъуэм тхэн щыщIидзар. Абы и усыгъэ щхьэхуэхэр газет зэмылIэужьыгъуэхэм кьытрадзэу хуохьэ, иужькIэ ахэр «Іуащхьэмахуэ» журналым кьыгтохуэ. Ауэрэ ар усэным дехьэх. Гъубжокъуэм тхэн кьызэрыщIидзэр усэкIэщ, ауэ абы тхьлъеджэхэм я пащхьэм япэу ирилъхьар и рассказхэр щыз зэхуэхьэса «Ди кьуажэ щIалэ цIыкIухэр» тхьылъыщ. Абы и ужькIэ Лиуан и тхыль зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшык Москвэрэ кьыщыдэкIащ. Абыхэм ящыщ «Шэрджэ толькъунэхэр» (1961), «Насыпгуэш» (1970), «Жэщ гупсысэхэр» (1973), «Зэманым и джэрпэджэж» (1980), «Къэрабэ» (1979), «ДыгъапIэ» (1987), «Мальчишки нашего села» (1966), «Пули и зёрна» (1977), «Мальчишки из нашего аула», «Детская литература» (1978), «Сказание о целине» (1984), «Солнечная сторона» (1984), «Эхо Эльбруса», «Современник» (1986), нэгъуэщIхэри. Лиуан и гъащIэ кIэщIым кьриубыдэу тхьылъ 15-м щигъу кьыдигъэкIащ. Абыхэм ит тхыгъэхэм цIыкIу нэхьыбэ щыгъуазэ хьунымкIэ сэбэп хуэащ ящыщ куэд урысыбзэкIэ зэрызэрадзэкIар.

И литературэ лэжьыгъэм кьыдэкIуэу, усакIуэм кьулыкъу зыбжанэ игъэззэщIащ: Гъубжокъуэр лэжьащ корректору, Налшык дэт къэрал тхьылъ хьуманIэм и методисту, КБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм щыIа бюром и унафэщIу, «Іуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Гъубжокъуэр сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, ар хущIэкъуащ и кьалэнхэр кьызыхуэтынщэу игъэззэщIэну икIи ар Лиуан кьехьулIащ.

Сыугъэм зи гумрэ зи псэмрэ хьэлэлу езыта Гъубжокъуэм и зы Iэдакъэщlэкlым нэхьрэ адрейр, и зы тхылым нэхьрэ кьыкIэлыкIуэр нэхьыфI хьуэрэ екIуэкIащ. Абы щыхьэт тохуэ и уэ щэ бжьгъэхэм нэмыщI, и поэмэ гъуэзэджэхэри, рассказ хьэлэмэтэхри, публицистикэ тхыгъэ хьарзынэхэри. Псом хуэмыдэу Гъубжокъуэм и поэмэхэр гулъытэнщэу кьыгъэнэн кьеIыкым.

Гъубжокъуэ Лиуан 1963 гъэм СССР-м и Журналистхэм, 1969 гъэм ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хагъэхьауэ щытащ. Лиуан а кьалэн лъапIэхэр и псэр пытыхь щIыхь пылъу игъэззэщIащ. И лэжьыгъэфIымрэ и дуней тетыкIэ дахэмрэ ящыщу, 1988 гъэм Гъубжокъуэм кьыфIащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Лиуан тIэунейрэ кьратащ «За освоение целинных и залежных земель» медалыр, ВЛКСМ-м и ЦК-м и Щ1ыхь тхылъыр. Зэфlэкl дэгъуэ кьигъэльагъуэу илъэс зыбжанэкIэ лъэпкъ литературэм хэлэжьхьащ Гъубжокъуэ Лиуан, ауэ ищIэну псом хунэмысу усакIуэ гъуэзэджэр 1988 гъэм фокладэм и 3-м дунейм ехыжащ, и тхыль купщафIэхэмрэ и кьуэ закьуэмрэ кьызэриизэIри. Ахэр Лиуан и фэеплъ нэхьыфI дыдэхэм ящыщщ, Гъубжокъуэ лъэпкъри, благъэ-Iыхьлыхэри, гуауэшхуэр зытепсыкIа и щхьэгъусэ Ритиэ зэрыгушхуэ икIи зэрыпагэ хьун фэеплъу кьэльитапхъэщ. Ныбзм ильу кьэна сабийр ноби балигъ хьуауэ и анэм щIэгъэкъуэн хуохьупри, и адэм кьымыгъэщIам кьыхуипщэну ди гущэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Дагъыстэным егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● Адыгэ пщащэ-2013

«Адыгэ пщащэ-2013» дунейпсо зэпеуэм хэтащ Нарткъалэ щыщ еджакIуэ Кул Мариннэ.

«Шэрджэс кубок-2013» ● Футбол

Мэкъуэ дэт «Светлана» санаторэм и Iэрыщ1 губгъуэм щекIуэкIащ футбол щIыкIумкIэ «Шэрджэс кубок-2013» зэхьэзэхуэ. УФ-м и Федералыбэ Зэхуэсым Федерациэмкlэ и Советым хэта Къэжэр Альберт и фэеплъу «Адыгэхэр» спорт клубым къызэрыгъэпэща мы зэпеуэм гуп 16 хэтащ.

КОМАНДЭХЭМ щыджэгуахэр щыхьэрым щеджэ адыгэ, абазэ щIалэгъуалэрэщ. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэ ильэс къэс тIэу ирагъэкIуэ икIи абы хэтхэм сыт щыгъуи я зэфIэкIым зеужь.

Гуп зэхьэзэхуэхэм кьыщыхьэжаныкIа «Кинжал» командэм кIэух зэIущIэм хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуа «Налжаныр» хигъащIэри, зэпеуэм и чемпион хуащащ икIи зэIэпах. «Шэрджэс кубок-2013» саугъэтыр зыIэригъэхьащ.

Зэхьэзэхуэхэр егъэкIуэкIыным и жэрдэмщIакIуэ «Адыгэхэр» командэм и капитан Луп Рамиз зэрыжиIамкIэ, зэпеуэр 2004 гъэ лъандэрэ кьызэрагъэпэщ. Абы щыщIэдзауэ ильэс къэс гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ зэIэпах кубокым и зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкI.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албч.

● Налшык

Зэреджэну тхылъхэр пщIэнщэу ират

Налшык къалэм дэт школхэм я библиотекэхэм кьаIэрохьэ Iэмал имыIэу сабийхэм яджын щIэныгъэ тхылъхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и къалащхьэм и школхэм тхылъхэр кьыхуащэхун папщIэ федеральнэ бюджетым щыщу сом мелуани 10-рэ мин 980-рэ кьыхуауатIыпщащ. А ахьшэр тхылъхэр пщIэнщэу зратын хуей сабийуэ дэтхэнэ школми екIуалIэр кьэльитауэ трагуэщащ.

Иджыпсту налшыкдэс ныбжьыщIэ 3.524-м тхылъхэр пщIэнщэу ратащ.

УЯНДЕВЭ Заринэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Шэч зыхуащIыр яубыд

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм цIыкIубзым ней мрэкъауэ шэч хуащIу яубыдащ мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа, щIыпIэм щыщ цIыкIухьр.

НАПШЫК къалэм щыIэ УМВД-м зыхуэзыгъэза бзылъхугъэм зэрыжиIамкIэ, Анзоркlэ зэдзэ щIалэм гуваэ пщыхьэщхьэм Толстойм и уэрамым щиубзэржьри, лей кьрихащ.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым а щIэпхьаджагъэр илэжьауэ шэч зыхуащIыр яубыдащ. Абы мызэ-мытIэу суд тращIыхьащ, ар 1981 гъэм къалъхуащ, ди щIыпIэм щопсэу.

Къэрал кIуэцI Iуэхугъэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIихабгъэмкIэ и министерствэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм я лэжьакIуэхэм, КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм гуп1ыхь щыщ-хьуащ пшынауэ Iэзэ, Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и пшынауэ-концертмейстер, щэнхабзэм и Iэнатlэм илъэс пIыIщIрэ хыкIэ щыIэжьа **Мэкъуауэ Мухьмэд (Владимир) Жэбагъы и къуэр** дунейм зэрехьжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

КъыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 6-рщ.

● ГъэпсыкIэ

«Си ужьыр махуэ пхухъу...» бжызоIэ, лъахэ!

УсакIуэ цIэрыIуэ Гъубжокъуэ Лиуан дунейм эзрехыжрэ мы гъэм илъэс 25-рэ мэхъу

Гъащ1э кIэщIт Гъубжокъуэ Лиуан. Зэман мащIэщ ар адыгэ литературэм зэрыхэлэжьыхьар, ауэ абы куэд хуэзэфIэкIащ, хамэ уэрэд емыжьууэ, езым и лъагуэ, лирик нэсым и лъэужь литературэм щыпхишьын хуэзэфIэкIащ. Хуэзэфlэкlащ фlыуэ иныгъу и Iэщlагъэм хуэпэжти, хуэIэижьти, и гъащIэри и гуащIэри щIыхь зыпыль а Iуэху льапIэм тринухати.

ГЪУБЖОКЪУЭМ хэлъхьэныгъэфI хуищIащ адыгэ усыгъэми сабий литературэми, абы и фIыщIи и щытхъуи хэльщ адыгэ уэрэдыми игъуэта зыужьыныгъэм.

Усакlуэ гъуэзэджэм и тхыгъэхэр мыкIуэдыжьи ящIащ абыхэм япкърыль гупсысэ куум, гурыщIэ кьабзэм, я художественнэ гъэпсыкIэ щIэщыгъуэм и дэтхэнэ зы псалъэри абы и псэ хьэдэлым кьыбгъэдэкIыт, игу кьабзэм и хуабагькIэ гъэнщIат. Усакlуэм и тхыгъэ нэхьыфIхэр лъэпкъ хабзэ-нэмысым, хьэл-щэн дахэм, абы и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ нэхьыщхьэхэм зэтеуэщIи, аращ ахэр мыкIуэдыжьи зыщIыр, цIыхупсэм щIехуэбылIэр, цIыхугум фIыкIэ кьыщIинэр.

Гъубжокъуэ Лиуан сабиигъуэ дахи, щIалэгъуэ тынши, балигъыгъуэ хьуэпсэгъуи ИкIасым. Абы и щхьэусыгъуэр куэд мэхъу, ауэ нэхьыщхьэр зыхалъхуа зэманыр гугъуу зэрыщытамрэ ар адэнэзу кьыззэрыхьуамрэщ. Гъубжокъуэр ящыщщ Хэку зауэшхуэм зи сабиигъуэр кьилыпщIа щIалэ цIыкIухэм. Ар кьыщыхьуащ Жэмтхьэлэ, езым хуэдэ щIалэ цIыкIухэм яхэту. Сабиигъуэм щхьэкIэ Гъубжокъуэм итхыгъащ: «Сэ сыхалъхуащ етIуанэ илъэситхум, Анэ быдзыщэ губгъуэм сыщефащ, СабийгъуэдэIуэм си гущэ хьыринэр Хьэсэпэ жьауэм дежьи щыщIупскIащ». И адэр щхьэщымытами, ар зеннщэ дыдэу кьэнакьым, ар щIэт и анэ гумащIэм и жьауэм. Лиуан чэнджэщзегъуи дэIэпыкъуэгъуи кьыхуэхьуу щытащ и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, гъунэгъухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, и ныбжьегъу щIалэ цIыкIухэм я адэ-анэхэр.

Къуажэ щкольм щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм фIыуэ илъагъуу щытащ бзэ щIэныгъэхэмрэ литературэмрэ, псом хуэмыдэжу адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ. Араш Лиуан кьуажэ еджапIэр нэхьыфIхэм ящыщу кьыуха иныжь, 1954 гъэм Къэбэрдей кьэрал пединститутым щIыщIэтIысхьар.

Институтым щыщIэса илъэсхэм Гъубжокъуэм куууэ иджащ адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ, абы кьыдэкIуэу, урыс литературэр, дунейпсо усыгъэр, тхыдэр, философиер, логикэр. ТхущI гъэхэм и етIуанэ Iыхьэм тохуэ Гъубжокъуэм тхэн щыщIидзар. Абы и усыгъэ щхьэхуэхэр газет зэмылIэужьыгъуэхэм кьытрадзэу хуохьэ, иужькIэ ахэр «Іуащхьэмахуэ» журналым кьыгтохуэ. Ауэрэ ар усэным дехьэх. Гъубжокъуэм тхэн кьызэрыщIидзэр усэкIэщ, ауэ абы тхьлъеджэхэм я пащхьэм япэу ирилъхьар и рассказхэр щыз зэхуэхьэса «Ди кьуажэ щIалэ цIыкIухэр» тхьылъыщ. Абы и ужькIэ Лиуан и тхыль зыбжанэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи Налшык Москвэрэ кьыщыдэкIащ. Абыхэм ящыщ «Шэрджэ толькъунэхэр» (1961), «Насыпгуэш» (1970), «Жэщ гупсысэхэр» (1973), «Зэманым и джэрпэджэж» (1980), «Къэрабэ» (1979), «ДыгъапIэ» (1987), «Мальчишки нашего села» (1966), «Пули и зёрна» (1977), «Мальчишки из нашего аула», «Детская литература» (1978), «Сказание о целине» (1984), «Солнечная сторона» (1984), «Эхо Эльбруса», «Современник» (1986), нэгъуэщIхэри. Лиуан и гъащIэ кIэщIым кьриубыдэу тхьылъ 15-м щигъу кьыдигъэкIащ. Абыхэм ит тхыгъэхэм цIыкIу нэхьыбэ щыгъуазэ хьунымкIэ сэбэп хуэащ ящыщ куэд урысыбзэкIэ зэрызэрадзэкIар.

И литературэ лэжьыгъэм кьыдэкIуэу, усакIуэм кьулыкъу зыбжанэ игъэззэщIащ: Гъубжокъуэр лэжьащ корректору, Налшык дэт къэрал тхьылъ хьуманIэм и методисту, КБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм щыIа бюром и унафэщIу, «Іуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу. Гъубжокъуэр сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, ар хущIэкъуащ и кьалэнхэр кьызыхуэтынщэу игъэззэщIэну икIи ар Лиуан кьехьулIащ.

Сыугъэм зи гумрэ зи псэмрэ хьэлэлу езыта Гъубжокъуэм и зы Iэдакъэщlэкlым нэхьрэ адрейр, и зы тхылым нэхьрэ кьыкIэлыкIуэр нэхьыфI хьуэрэ екIуэкIащ. Абы щыхьэт тохуэ и уэ щэ бжьгъэхэм нэмыщI, и поэмэ гъуэзэджэхэри, рассказ хьэлэмэтэхри, публицистикэ тхыгъэ хьарзынэхэри. Псом хуэмыдэу Гъубжокъуэм и поэмэхэр гулъытэнщэу кьыгъэнэн кьеIыкым.

Гъубжокъуэ Лиуан 1963 гъэм СССР-м и Журналистхэм, 1969 гъэм Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хагъэхьауэ щытащ. Лиуан а кьалэн лъапIэхэр и псэр пытыхь щIыхь пылъу игъэззэщIащ. И лэжьыгъэфIымрэ и дуней тетыкIэ дахэмрэ ящыщу, 1988 гъэм Гъубжокъуэм кьыфIащащ «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Лиуан тIэунейрэ кьратащ «За освоение целинных и залежных земель» медалыр, ВЛКСМ-м и ЦК-м и Щ1ыхь тхылъыр. Зэфlэкl дэгъуэ кьигъэльагъуэу илъэс зыбжанэкIэ лъэпкъ литературэм хэлэжьхьащ Гъубжокъуэ Лиуан, ауэ ищIэну псом хунэмысу усакIуэ гъуэзэджэр 1988 гъэм фокладэм и 3-м дунейм ехыжащ, и тхыль купщафIэхэмрэ и кьуэ закьуэмрэ кьызэриизэIри. Ахэр Лиуан и фэеплъ нэхьыфI дыдэхэм ящыщщ, Гъубжокъуэ лъэпкъри, благъэ-Iыхьлыхэри, гуауэшхуэр зытепсыкIа и щхьэгъусэ Ритиэ зэрыгушхуэ икIи зэрыпагэ хьун фэеплъу кьэльитапхъэщ. Ныбзм ильу кьэна сабийр ноби балигъ хьуауэ и анэм щIэгъэкъуэн хуохьупри, и адэм кьымыгъэщIам кьыхуипщэну ди гущэщ.

ЕРЖЫБ Асльэн,
педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Дагъыстэным егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

ЖЭМЫХЪУЭ Азрэталий Хьисэ и къуэр

Дунейм ехыжащ республикэм фIыуэ кьыщащIыхуэ щIа, зи гъащIэ псор пресыхуэ юз лъэжьыгъэм хуэзыгъэпса Жэмыхъуэ Азрэталий Хьисэ и къуэр.

Ар 1936 гъэм Бахъсэн районым щыщ Зенкъуэ хуэажэм кьыщалъхуащ. 1955 гъэм курыт еджапIэр кьуэхуа иэужь, ар Совет Армэм кьулыкъу щищIэну ираджащ. Дзэ кьулыкъур зэфIигъэкIыу кьызэригъэзэжу, Азрэталий Тырныауэ кьалэм щыIа шахтэ хуэхуэкIуэ управленэ №1-м и профсоюз комитетым и тхьмадэу хахащ. ИужькIэ ар илъэс куэдкIэ республикэм и профсоюз комитетым и унафэщIу лэжьащ.

Жэмыхъуэ Азрэталий акьылыщхуэ зиIэ, куэдым хэзыщIыкI щыхьэт, хабзэрэ щэнрэ зыхъуэ адыгэлIт. Республикэм кьыщыдэкI газетхэм едзэзу щытахэм нобэм къэ ящIэж Азрэталий зэхилъхьауэ абыхэм кьытехуэу щыта шахмат заданэ гъэщIэгъуэнэхэр.

Профсоюз зэщIэхъеенигъэм куэдрэ хэта икIи абы и гуащIэм емыблэжу хэлэжьыхьа а щыхьэ емызэщым ведомствэм и саугъэт зэмылIэужьыгъэхэр кьратащ, ухуакIуэхэм я профсоюзхэм я комитет нэхьыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ.

Жэмыхъуэ Азрэталий езым хуэфэщэн бынхэр кьыщIэнащ. Абы и сабииплIыр гъэсэныгъэ яхэлъу кьэтэджащ, щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ.

Жэмыхъуэ Азрэталий Хьисэ и къуэр зыщIыхуу щытахэмрэ и Iыхьлыхэмрэ зэи ящыгъупщэнкьым.

Дунейм ехыжкам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖьакIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэныдж Замирэ, Хьжькьарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

КьыдзэныгъэкIэрэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5,ебгъуанэ-ещIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1анIэхэм ядлэжьхьымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; суртэтхьэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтеуэ зэныту щытекьым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуохьыныр и пщ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтыныгъэр хьэмонымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1анIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыджIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ **Къаншокъуэ Эллэ, редактору Щхьэщэмыщ1 Иэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **корректорэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащ* Мэлбахьуэ Анжелэ, *суртэхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьозырац.

Газетым Iэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №3017